



MARTY KIAR

EVALYATÈ PWOPRIYETE KONTE BROWARD

Biwo Evalyatè Pwopriyete a pa fikse to taks ou yo ni li pa detèmine kijan administrasyon leta lokal la pral distribye revni taks yo. Lalwa Florida mande pou biwo nou yo evalye tout pwopriyete yo sou labaz done mache a nan dat 1ye janvyè nan chak ane. Epitou nou kapab bay aplikan ki kalifye yo egzansyon taks. Se Sèvis Dosye, Taks ak Trezòri Konte Broward (Broward County's Records, Taxes & Treasury Division) la ki voye bòdwo taks sou pwopriyete yo nan kourye lapòs. Si ou gen kesyon konsènan peman bòdwo taks ou an, tanpri kontakte biwo yo nan (954) 831-4000 oubyen al gade wèbsayt yo nan <https://www.broward.org/RecordsTaxesTreasury>

Kikote Egzansyon Homestead 2021 mwen an fè?

Bòdwo taks ou te resevwa nan mwa novanm sa a nan men Pèseptè Taks Konte Broward an se pou ane fiskal 2020 an. Si ou te achte kay ou an 2020 epi pwopriyete anvan nouvo kay ou an te gen dwa pou resevwa yon Egzansyon Homestead oswa nenpòt lòt egzansyon nan dat 1ye janvyè 2020, ou gendwa te erite egzansyon yo nan bòdwo taks sou pwopriyete 2020 yo. Manman-Lwa Florida mande pou yo retire egzansyon 2020 sa yo epi pou yo re-evalye pwopriyete a dapre valè jis li pou 2021. Souvan, sa pral antrene yon ogmantasyon nan taks pwopriyete 2021 ou yo, kidonk li enpòtan pou w aplike pou Egzansyon Homestead 2021 an ansanm ak pou nenpòt lòt egzansyon ou gendwa kalifye pou yo. Nouvo Egzansyon Homestead 2021 ou an pral konte pou ane pwochèn la sou tout dosye, avi ak bòdwo taks pwopriyete 2021 yo. Nenpò egzansyon yo mete sou bòdwo taks la adisyone pou bay total la epi yo endike nan twazyèm kolòn la ki make "Egzansyon yo" sou bòdwo taks endividyèl la.

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan Egzansyon Homestead ou an oubyen lòt egzansyon pou economize taks, tanpri kontakte Depatman Sèvis Kliyan nan 954.357.6830.

Ajisteman Depo Fidisyè (Escrow) la pou Bòdwo Taks 2020 yo

Biwo Evalyatè Pwopriyete a pa okipe anyen ki gen pou wè ak finansman pwopriyete yo. Si ou fè peman nan depo fidisyè a chak mwa pou taks sou pwopriyete w yo, konpayi mògèdj oswa depo fidisyè ou an anjeneral ap fè yon analiz depo fidisyè a aprè li peye bòdwo taks anyèl ou an. Yo pral detèmine si gen nenpòt chanjman nan peman chak mwa ou an epi yo pral notifiye w. Si ou gen kesyon konsènan sa, ou fèt pou kontakte konpayi mògèdj ou an dirèkteman pou jwenn èd.

Peman Pa Tranch Chak 3 Mwa

Si ou peye taks pwopriyete w yo dapre yon plan peman pa tranch chak 3 mwa Konte Broward negosye avèk ou, nenpòt egzansyon yo fèk apwouve an 2020 ap aplikab sou 3yèm ak 4yèm montan peman pa tranch yo. Nenpòt ajisteman yo fè pou 2020 ap reyalize sou 2 peman final pou pa tranch chak 3 mwa yo.

Si biwo mwen an kapab ba w asistans, tanpri pa ezite kontakte mwen dirèkteman nan 954.357.6904 oubyen nan imèl nan martykiar@bcpa.net.

Pòte w byen,

Marty Kiar



MartyKiarBCPA



@MartyKiarBCPA